



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**PANDAN KONTRANDI SOU CORONAVIRUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A PRAL EGZIJE KONPAYI ASIRANS YO POU
ANILE KO-PEMAN POU VIZIT TELESANTE YO**

***Otorize Eta a pou louvri sant tès mobil sou volan nan Long Island — Gouvènè a te
louvri premye sant tès mobil sou volan yè nan New Rochelle***

***Konfime 100 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout
Eta a ak 524; nouvo ka nan 9 Konte***

***Konfime premye lanmò ki gen rapò ak nouvo Coronavirus la nan Eta New York,
yon granmoun fanm aje 82 ane nan Brooklyn ki te gen prensipalman maladi
respiratwa anfizèm***

***Gouvènè a pral siyen Dekrè Egzekitif la jodi a ki anile peryòd datant 7 jou a pou
travayè yo reklame asirans chomaj poutèt COVID-19 la epi elimine penalite sou èd
la pou lekòl yo bay lòd pou fèmen yo***

Pandan yon kontrandi atravè apèl konferans sou nouvo coronavirus la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) Eta a pral egzije konpayi asirans yo pou anile ko-peman yo pou vizit telesante yo. Aksyon sa a pral ankouraje Nouyòkè yo chèche èd medikal depi lakay yo olye pou yo ale nan yon lopital oswa biwo doktè — ki, an final, ap redui presyon sou sistèm swen sante a epi anpeche plis pwopagasyon viris la.

Gouvènè a te otorize Eta a tou pou louvri yon sant tès mobil sou volan nan Long Island nan semèn k ap vini an. Sa fè swit ak siksè sant tès mobil New Rochelle la, ki te louvri yè epi ki te sèvi 150 machin ak teste 263 moun, sa ki depase objektif inisyèl ki se te teste 200 moun nan premye jou a. Yon fwa li operasyonèl nèt, sant New Rochelle la pral kapab teste jiska 500 moun pa jou. Sant tès mobil sou volan yo ede kenbe moun ki malad oswa ki gen risk pou pran coronavirus la andeyò sant swen sante yo, kote yo ta ka enfekte lòt moun.

Ajoute sant tès mobil la nan Long Island fè pati inisyativ Eta a pou replike modèl Sant Tès Mobil New Rochelle la nan lòt kote, pou ede pèmèt Eta a reyalize omwen 6,000 tès pa jou apati semèn k ap vini an — sis fwa objektif eta a te vize a lè epidemi an te premye antre New York. Sa gen priyorite sou tès ki pral fèt nan 28 laboratwa piblik ak prive yo nan Eta a epi laboratwa ki andeyò Eta a ke New York deja ap fè kontra avèk yo. Tout sa yo se rezilta mezi pwo-aktif Gouvènè Cuomo te pran ak Depatman Sante pou pèmèt otan de Nouyòkè teste jan sa posib.

"Pandan nouvo coronavirus la kontinye pwopaje epi kantite ka pozitif yo ogmante, n ap ankouraje Nouyòkè yo pou itilize telemedsin si yo malad epi n ap mete yon nouvo sant tès mobil sou volan nan Long Island pou ede kenbe popilasyon an andeyò sal dijans yo epi redui presyon sou sistèm swen sante a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Plis nou fè tès, se plis kantite ka pozitif n ap jwenn — kidonk, nou bezwen kenbe kontèks sa a nan lespri nou lè nou wè nimewo sa yo kontinye ogmante. Epi n ap kontinye kominike reyalite yo akòz reyalite yo ak enfòmasyon yo ranvèse laperèz ak anksyete nan sitiyaasyon sa".

Finalman, Gouvènè Cuomo te konfime 100 lòt ka nouvo kowonaviris, sa ki bay yon total 524 ka konfime nan Eta New York. Nan total 524 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte Albany: 3 (1 nouvo ka)
Konte Broome: 1
Konte Delaware: 1
Konte Dutchess: 3
Konte Herkimer: 1
Konte Monroe: 2
Konte Nassau: 68 (17 nouvo ka)
Vil New York: 213 (59 nouvo ka)
Konte Orange: 6 (3 nouvo ka)
Konte Rockland: 10 (1 nouvo ka)
Saratoga: 3
Schenectady: 1
Konte Suffolk: 33 (3 nouvo ka)
Konte Tioga: 1 (1 nouvo ka)
Konte Tompkins: 1 (1 nouvo ka)
Konte Ulster: 5
Konte Westchester: 172 (14 nouvo ka)

Gouvènè a te konfime tou premye lanmò ki gen rapò ak nouvo coronavirus la nan Eta New York - yon granmoun fanm aje 82 ane nan Brooklyn ki te gen yon maladi respiratwa anfizèm ki te egziste deja.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te di l ap siyen yon Dekrè Egzekitif pou ede soulaje konsekans ekonomik COVID-19 la sou travayè yo epi pou garanti èd eskolè pou lekòl yo bay lòd pou fèmèn yo. Nan kad Dekrè Egzekitif Gouvènè a, eta a pral retire peryòd datant 7 jou a pou travayè nan pwogram travay pataje yo reklame asirans chomaj pou moun ki pèdi travay yo poutèt COVID-19 la. Dekrè Egzekitif la pral elimine tou penalite sou èd la pou lekòl ki resevwa lòd pou yo fèmèn nan men fonksyonè eta oswa lokal oswa sa ki fèmèn yo poutèt yon deklarasyon sitiyaasyon dijans eta oswa lokal ki pa respekte kondisyon 180 jou a si yo pa kapab ratrape jounen lekòl yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)